

LIBERTE

EGALITE

FRATERNITE

REPUBLIQUE D'HAITI

AU NOM DE LA REPUBLIQUE

L'an mil neuf cent quatre vingt dix neuf, an 196e de l'Indépendance, le lundi trois mai à une heure trente de l'après-midi. Nous, Me Jean Sénat FLEURY, Juge d'Instruction près le Tribunal de Première Instance des Gonaïves, identifié au no. 111-93-367, assisté du sieur Raoul JACQUES, greffier.

Vu la requête du quatre mars mil neuf cent quatre vingt dix neuf au Cabinet d'Instruction.

Vu les articles 114 et 122 du CIC.

Vu le réquisitoire en supplément d'information générale du Parquet en date du vingt quatre mars mil neuf cent quatre vingt dix neuf.

Avons procédé à l'interrogatoire de la dame Marie Jeanne Jean victime et plaignant des événements survenus à Raboteau le vendredi vingt deux avril mil neuf cent quatre vingt quatorze en présence de son avocat Me Mario Joseph.

Mari Ja-n, rankont mwen gen avè-w jodia, se pou-m klarifye sèten pwen sou premye deklarasyon ou fè a propo de lanmò Pyè Michèl alias Jamédodo.

Kesyon: Kijan ou rele?

Mari Ja-n: Mari Ja-n Jan.

K: Ki laj ou?

MJ: 28 tan.

K: Ki bò ou abite?

MJ: Isit Gonayiv.

K: Nan ki ri?

MJ: Nan ri Egalite.

K: Ki aktivite ke-w fè?

MJ: Mwen pa fè anyen menm.

K: Mari Ja-n, sa-w te ye Pyè Michèl alias Jamédodo?

MJ: Papa pitit mwen wi li te ye.

K: Konbyen pitit ou te genyen avè-l?

MJ: De timoun.

K: Kote Pyè Michèl?

MJ: Pyè Michèl?

- Mmm Mmm.

K: Kot Jamédodo?

MJ: Li mouri.

K: Ki dat li te mouri?

MJ: 22 avril.

e Fen

K: Ki ane?

MJ: Ki ane li te ye ankò-a.

si sijè nat

an-ò-ò-ò nan ki tap

K: Ou bliye ane-a? Ki bò li te mouri?

MJ: Nan lanmè-a. ... nan te wè li mande: "y ..."

K: Eske ou kapab rakonte mwen sikonstans li te mouri-a?

MJ: Wi.

K: Map tandew.

MJ: Se pandan 22 avril la nan devan jou, epi yo tande tire-a. Pandan yo tande tire-a kounye-a nou te kouche nan yon gran kizin andedan lakou-a, epi nou tande tire-a, nou leve, kounye-a nou antre andedan kay. Pandan nou antre andedan kay, kounye-a yap bat yon pakèt moun deyò-a, li menm li te andedan, aprè li vi-n soti, aprè nou pa janm wè-l ankò.

K: Ki lè ou vi-n wè-

MJ: Sou twa jou.

K: Ki bò ou vi-n wè-l?

MJ: Nou jwen-n li nan lanmè-a.

K: Kijan ou wè-l?

MJ: Yo pat ka kite moun wè.

K: Ki moun ki pat ka kite moun wè-a?

MJ: Frap yo avèk militè yo.

K: Ki moun ou menm ou te idantifye nan moun frap sa yo?

MJ: M'pat ka wè moun menm.

K: Ki moun ou te idantifye nan militè sa yo?

MJ: M'pat wè yo menm paske se sou lanmè yo te ye.

K: Ot ke ou menm, ki lòt moun ki te idantifye kadav la sou lanmè-a?

MJ: Se yon mesye yo rele Fenelon. M'te nouris yon ti moun, epi m'te vi-n travèse m'al kay sè-m. Epi Fenelon-an menm se yon frap li ye, lap pase, epi gen yon dam yo rele Gladis ki byen avèk li, m'te byen ak Gladis la tou, epi li wè lap pase lap kouri, epi li di: <Fenelon ki moun yo jwen-n la?> Epi li pa vle di sa devan-m, li di dam yo rele Gladis la se Jamédodo yo jwen-n.

K: Fenelon-an kijan-l siyen?

MJ: M'pa kon-n siyati-l.

K: Eske Fenelon pa gen yon lòt ti non jwèt?

MJ: Non.

K: Li pa gen pyès ti non jwèt?

MJ: Non. Depi-m konnen-l, depi m'wè-l, se Fenelon m'tande yo rele-l

K: Apre Fenelon ki lòt moun ankò ki te patisipe nan antere kadav la?

MJ: Yon pakèt frap, men se Fenelon-an sèlman ki tap pase.

K: Fenelon sèlman ki tap pase?

MJ: Ki tap pase, dam nan menm nan te wè-l, li mande:"yo di yo jwen-n yon mò ki moun yo jwen-n?" Li di se Jamè, paske li te rekonèt mwen, li pa vle di sa devan-m, li di dam nan sa, dam nan men-m nan di-m sa. Apre m'pase nan lakou kote sè-l la rete ya nan ri di kè, kounye-a mwen wè frap yo nan lanmè-a, ap rale-l avèk yon kòd mete deyò, epi men-m nan apre yo fi-n grate tè-a yo mete-l, apre twa jou, yo rale-l mete deyò, mwen men-m avèk yon sè-m, manman-m, nou veye frap yo, nal mete tè sou li.

K: Kijan yo rele sè-w la?

MJ: Monik Jan.

K: Se manman-w?

MJ: Sonya Senjis.

K: Se nou de-a ki tal rale.

MJ: Nou twa ki te ale.

K: Twazyèm moun nan ki jan-l rele?

MJ: Mwen menm wi.

K: Twazyèm nan se ou menm?

MJ: Mari Ja-n Jan.

K: Kiyès ki Michlin Adèl la?

MJ: Sè-l la, li ret nan ri di kè.

K: Sè-l la te al nan rale-l tou?

MJ: Non, sè-a te anwo paske yo tap bat moun, li pat vle. ka mwen menm se nan zòn nan m'te ye.

K: Ki moun ki te enfòmè-w anvan de lanmò Jamédodo?

MJ: Ki moun?

- Mmm Mmm, ki te ba-w nouvèl la anvan.

- Se pandan m'te kot manman-m nan, epi aswè, epi sè-m nan menm nan di konsa site yo di Jamè mouri, epi m'di m'pa konnen, apre li di konsa se yon madanm Jan Tatoun li tande ki di konsa Jamè mouri.

K: Madanm Jan Tatoun sa kijan yo rele li?

MJ: Andreyà.

K: Andreyà kisa?

MJ: M'pa kon-n non-l

K: Ki bò'l'rete?

MJ: Li ret Raboto.

EGALITE

REPUBLIQUE D'HAÏTI

K: Sè-w la kijan-l rele, sè-w la ki te ba-w nouvèl sa?

MJ: Monik Jan.

NOM DE LA REPUBLIQUE

K: Ki rad ki te sou Jamèdodo lè-l mouri-a ?
MJ: Li te gen yon ti mayo kalekò flamengo, yon bout pantalòn a ba ki gen tout kouliè.

K: Eske lè ou te wè kò Jamèdodo nouf te al pran-l pou nou te antere-l la, eske nou te wè mak sou po-l ?

MJ: Wi li te genyen.

K: Ki mak yo te ye ?

MJ: Tout bò la li te gen mak, bagay nan goumen.

K: Men ou pa konnen kijan Jamèdodo te mouri, si se pa kout ròch ousinon se bal.
MJ: Non.

K: Kijan-l te mouri ?
MJ: Paske militè yo se sou lanmè ya yo te ye, se pandan li ale ya, après nou pa janm wè-l ankò.

K: Men kibò yo te antere misye

MJ: Men tonb li bò lanmè-a.

K: Men daprè ou menm, eske ou te idantifye nan militè sa yo ?

MJ: Non, m'pat ka wè yo paske se sou lanmè yo te ye.

Plus rien ne lui a été demandé. Requis de signer.

Me Jean Sénat FLEURY
Juge d'Instruction

Me Mario JOSEPH
Avocat



Raoul JACQUES
Greffier

Marie Jeanne JEAN
Plaignant

Marie Jeanne Jean